

## BAB III

### MÉTODE PANALUNGTIKAN


#### 3.1 Desain Panalungtikan

Ieu panalungtikan baris ngagunakeun pamarekan kualitatif, sabab hasil panalungtikanana mangrupa wangun déskripsi tinulis tina kumpulan carpon *Cinta* karya Panglawungan 13. Saluyu jeung pamadegan Ratna (2010, kc. 46) yén pamarekan kualitatif loba ngamangpaatkeun wangun déskripsi tinulis dina hasil penafsiran panalungtikan. Ieu panalungtikan ngagunakeun ulikan struktural Robert Stanton, di antarana aya téma, fakta carita, jeung sarana carita (Stanton, 2012, kc. 22).

Métode panalungtikan nyaéta cara-cara, strategi pikeun maham kana réalitas, langkah-langkah sacara sistematis pikeun meunangkeun data jeung sabab-akibatna (Ratna, 2010, kc. 34). Métode nu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta métode déskriptif, lantaran objék penelitianana karya sastra. Nawawi (dina Siswanto, 2020, kc. 56) netelakeun yén métode déskriptif disebut ogé prosedur *pemecahan masalah* panalungtikan nu ngagambarkeun ngeunaan kaayaan subjék atawa objék panalungtikan (novel, drama, carpon, puisi) di jaman ayeuna dumasar fakta-fakta nu aya atawa sakumaha ayana, ku cara meré déskripsi ngeunaan data nu ditalungtik. Dina ieu panalungtikan, ngaliwatan métode déskriptif baris ngadéskripsikeun ngeunaan aspék sosial nu aya dina kumpulan carpon *Cinta* karya Panglawungan 13.

Désain panalungtikan disebut ogé gambaran tina léngkah-léngkah atawa rancangan pikeun ngalaksanakeun panalungtikan. Dina ieu panalungtikan ngalaksanakeun sawatara kagiatan, di antarana: (1) tatahar, nangtukeun rumusan masalah; (2) ngumpulkeun data tina hasil studi pustaka; (3) ngolah data hasil panalungtikan ku cara nganalisis data dumasar pamarekan anu digunakeun; (4) ngadéskripsikeun data hasil analisis; (5) nyieun kacindekkan

tina hasil déskripsi data; sarta (6) nyusun laporan. Fungsi désain panalungtikan nyaéta pikeun mérékeun gambaran ngeunaan léngkah-léngkah panalungtikan ti mimiti ngarumuskeun masalah nepi ka nyindekkeun hasil panalungtikan. Di handap ieu mangrupa bagan salaku rancangan léngkah-léngkah panalungtikan anu dilaksanakeun.



**Bagan 3.1**

### **Desain Panalungtikan**

### 3.2 Téhnik Ngumpulkeun Data

Dina ieu panalungtikan ngagunakeun téknik studi pustaka. Studi pustaka nyaéta rangkaian kagiatan patali jeung ngumpulkeun data ku cara maca jeung nyatet, tuluy diolah pikeun bahan panalungtikan (Zed, 2008, kc. 3). Hartina téknik studi pustaka digunakeun pikeun ngumpulkeun data ngaliwatan maca, neuleuman sarta nalaah buku, litératur, catetan, sumber data sarta tulisan lianna anu aya patalina jeung masalah nu ditalungtik. Sabada meunangkeun data ngaliwatan studi pustaka, tuluy datana diolah ngagunakeun téknik analisis data. Sumber data anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta buku kumpulan carpon *Cinta* karya Panglawungan 13.

### 3.3 Téhnik Ngolah Data

Téhnik ngolah data anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik analisis data. Data anu dimeunangkeun baris diolah ngagunakeun tiori struktural Robert Stanton anu ngawéngku téma, fakta carita, jeung sarana carita. Lian ti ngaanalisis strukturalna, dina ieu panalungtikan ogé baris ngaanalisis ngeunaan aspék sosial anu aya dina eusi kumpulan carpon *Cinta* karya Panglawungan 13. Pikeun ngolah data ngeunaan aspék sosial, baris ngagunakeun tiori aspék sosial Soerjono Soekanto anu ngabagi aspék sosial jadi lima bagian, nya éta aspék sosial agama, aspék sosial ékonomi, aspék sosial atikan, aspék sosial politik, jeung aspék sosial moral.

Anapon léngkah-léngkah pikeun ngolah data dina ieu panalungtikan, kahiji niténan data, kadua misahkeun data struktur carita jeung data aspék sosial katilu nganalisis data dumasar tiori anu dipaké, kaopat ngadéskripsikeun hasil analisis data, kalima nafsirkeun hasil déskripsi, jeung kagenep nyieun kacindekan dumasar hasil analisis nu ngajawab rumusan masalah panalungtikan.

### 3.4 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan mangrupa pakakas nu digunakeun pikeun ngumpulkeun data (Siswanto, 2020, kc. 73). Instrumen panalungtikan anu dipaké dina ieu panalungtikan, nya éta tabél cutatan jeung kartu data.

#### 3.4.1 Instrumén Ngumpulkeun jeung Nganalisis Data

Instrumén ngumpulkeun jeung nganalisis data dina ieu panalungtikan téh mangrupa tabél cutatan jeung kartu data. Tabél cutatan jeung kartu data dipaké pikeun nganalisis struktur carita sarta néangan aspék sosial anu aya dina carita. Ieu di handap mangrupa tabél-tabélina.

Tabel 3.1

Kartu Data Téma

|  |
|--|
| <p><b>Téma :</b></p> <p><b>Cutatan :</b></p> <p><b>Kode data :</b></p> <p>Analisis :</p> |
|--|

#### Conto analisis :

|  |
|--|
| <p><b>Carpon “Kagémbang Kalangkang Heulang”</b></p> <p><b>Téma :</b> Bogoh ka senior di kantor</p> <p><b>Cutatan :</b> Harita manéhna atasan kuring, nu jadi dalit ku urusan pagawéan. Meureun keuna paribasa, kalah ku deukeut jadi geugeut. Pikir bet poék, teu noli kaayaan manéhna nu geus rumah tangga, teu beunang diélingan, teu ngagugu ka Mamah nu nangis mépélingan.</p> <p><b>Kode data :</b> (KKH/KU2/KC8)</p> <p>Analisis : dina cutatan di luhur, nuduhkeun yén Enéng nu jadi salingkuhan seniorna lantaran deukeut nalika urusan pagawéan</p> |
|--|

Tabel 3.2

## Kartu Data Galur

|   |
|---|
| <b>Galur :</b><br><b>Cutatan :</b><br><b>Kode data :</b><br><br><b>Analisis :</b> |
|---|

Tabel 3.3

## Palaku Carita

| No. | Ngaran<br>Palaku | Tingkat Pentingna<br>Palaku |          | Panokohan  |           |
|-----|------------------|-----------------------------|----------|------------|-----------|
|     |                  | Utama                       | Tambahan | Protagonis | Antagonis |
|     |                  |                             |          |            |           |
|     |                  |                             |          |            |           |
|     |                  |                             |          |            |           |

Tabel 3.4

## Kartu Data Watek Palaku Carita

|  |
|--|
| <b>Ngaran Palaku :</b><br><b>Watek Palaku :</b><br><b>Cutatan :</b><br><b>Kode data :</b><br><br><b>Analisis :</b> |
|--|

**Conto analisis :**

|   |
|---|
| <p><b>Carpon “Kagémbang Kalangkang Heulang”</b></p> <p><b>Ngaran Palaku :</b> Enéng</p> <p><b>Watek Palaku :</b> Heuras</p> <p><b>Cutatan :</b> Teu ngagugu ka Mamah nu nangis mépélingan. Neugtreug mawa karep sorangan.</p> <p><b>Kode data :</b> (KKH/KU2/KC8)</p> <p>Analisis : kapaluruh watek palaku nu heuras lantaran Enéng nu neugtreug teu maliré nalika diélingan ku Indungna.</p> |
|---|

Tabel 3.5

## Kartu Data Latar

|   |
|---|
| <p><b>Jenis Latar :</b></p> <p><b>Cutatan :</b></p> <p><b>Kode data :</b></p> <p>Analisis :</p> |
|---|

## Conto analisis :

|  |
|--|
| <p><b>Jenis Latar : Latar Waktu</b></p> <p><b>Cutatan :</b> Pukul sapuluh, kakara bérés popoé.</p> <p><b>Kode data :</b> (KKH/LW/KU2/KC7)</p> <p>Analisis : aya katérangan waktu nalika Enéng bérés popoé.</p> |
|--|

Tabel 3.6

## Kartu Data Puseur Implengan

|  |
|--|
| <p><b>Puseur Implengan :</b></p> <p><b>Cutatan :</b></p> |
|--|

|   |
|---|
| <p><b>Kode data :</b></p> <p>Analisis :</p>   |
| <p><b>Conto analisis :</b></p> <p><b>Puseur Implengan : jalma kahiji</b></p> <p><b>Cutatan :</b> Kaayaan kuring harit anu keur meumeujeuhna sagala hayang kacumponan, boh kabutuh lahir boh kabutuh batin.</p> <p><b>Kode data :</b> (KKH/KU2/KC8)</p> <p>Analisis : dina carita ngagunakeun kecap ‘kuring’</p> |

Tabel 3.7

## Aspék Sosial dina Karya Sastra

| No. | Judul Carpon | Aspék Sosial |       |         |         |        |
|-----|--------------|--------------|-------|---------|---------|--------|
|     |              | Agama        | Moral | Politik | Ékonomi | Atikan |
|     |              |              |       |         |         |        |
|     |              |              |       |         |         |        |
|     |              |              |       |         |         |        |

Tabel 3.8

## Kartu Data Aspék Sosial

|  |
|--|
| <p><b>Aspék Sosial :</b></p> <p><b>Cutatan :</b></p> <p><b>Kode data :</b></p> <p>Analisis :</p> |
|--|

**Conto analisis :**

|  |
|--|
| <p><b>Aspék Sosial : Aspék sosial agama</b></p> <p><b>Cutatan :</b> Ramo téh bet hideng ngirim balesan, ‘Bada lohor wé’.</p> |
|--|

**Kode data :** (KKH/ASA/KU2/KC8)

Analisis : dina cutatan, nuduhkeun palaku utama nu ngutamakeun kawajiban ibadah ka Allah, nyaéta sholat.

### 3.5 Data jeung Sumber Data

Data dina ieu panalungtikan nyaéta salapan carpon anu ditulis ku sababaraha anggota Panglawungan 13. Sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta buku kumpulan carpon *Cinta* karya Panglawungan 13. Data jeung sumber data baris dipedar saperti di handap ieu.

#### 3.5.1 Data

Anu jadi data dina ieu panalungtikan nyaéta salapan carpon dina buku kumpulan carpon *Cinta* karya Panglawungan 13. Salapan carpon anu baris dianalisis mangrupa carpon anu ditulis ku entragan kahiji, kadua, katilu, jeung kaopat. Klasifikasina dicokot tina unggal entragan katut sacara tématis. Carpon-carponna nyaéta carpon “Cinta” karya Téty S. Nataprawira, “Kagémbang Kalangkang Heulang” karya Rin Riani, “Nratratna Duriat” karya Ati Amiati Sadeli, “Balakaciut” karya Yooke Tjuparmah Soeriaamidjaja, “Ligarna Haté” karya Nyi Roro, “Nu Kungsi Dipiharep” karya Sofyan Limbangan, “Sanggeus Sapuluh Taun” karya Éryandi Dahlan, “Nu Teu Dipiharep” karya Zénal Wahyu, jeung “Tasma” karya Walid Muhammad Taufik. Tina salapan carpon éta dianalisis ngeunaan struktur carita jeung aspék sosial nu aya dina eusi caritana.

#### 3.5.2 Sumber Data


Sumber data mangrupa subjék nu digunakeun dina panalungtikan. Sumber data panalungtikan anu digunakeun dina ieu panalungtikan téh nya éta aya sumber primér jeung sekunder. Sumber primér nyaéta sumber data nu langsung meré data ka panalungtik. Ari sumber sekunder nyaéta sumber anu teu langsung meré data ka panalungtik, misalna ngaliwatan jalma lian atawa ngaliwatan



dokumen (Sugiyono, 2016, kc. 308). Sumber primérna nyaéta buku kumpulan carpon *Cinta* karya Panglawungan 13. Sumber sekunder anu tangtuna ngarojong kana ieu panalungtikan saperti buku, jurnal, artikel, jeung panalungtikan-panalungtikan saacanna.

Buku kumpulan carpon *Cinta* mangrupa karya kaopat Panglawungan 13. Ieu buku kawangun ku 23 judul carpon anu ditulis ku 23 pangarang, sarta dipangjajapan ku Aam Amilia. Aam Amilia téh salah saurang pangarang anu geus kasohor alatan karya-karyana sarta kaaktipan dina sababaraha komunitas sastra, kaasup salah sahiji kelas diajar ngarang Panglawungan 13 téa. Ieu di handap idéntitas lengkep buku kumpulan carpon *Cinta*.

- 1) **Judul :** *Cinta*
- 2) **Pangarang :** Panglawungan 13 ku 23 pangarang ti opat entragana. Entragan kahiji nya éta Tétý S. Nataprawira, Ati Amiati Sadeli, Barkatun Nisa, Nyi Roro, Ida Haka, Émha Ubaidillah, Écép Yuli Sukmara, Minto T. Risono. Entragan kadua nya éta Yooke Tjuparmah Soeriaamidjaja, Dian Wulan, Sofyan Limbangan, Iwan M. Ridwan, Ajat S. Komar. Entragan katilu nya éta Rin Riani, Tuty Heryati, Evi Sulastri, Dédéh Soeciati, Agus R Munggaran, Éryandi Dahlan, Zénal Wahyu, Yadi Karyadiputra. Entragan kaopat nya éta Élih Hérlina, jeung Walid Muhammad Taufik.
- 3) **Éditor :** Aam Amilia
- 4) **Taun Medal :** 2022
- 5) **Penerbit :** Unpad Press
- 6) **Kaca :** 170 kaca
- 7) **ISBN :** 978-623-352-057-7
- 8) **Sampul buku :** Warna beureum ati, aya gambar indung nu ngalahun budak.



**Gambar 3. 1** Cover Kumpulan Carpon Cinta karya Panglawungan 13